

BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan


Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan. Sangkan bisa ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, kudu dibarengan ku méthode anu tangtu. Méthode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dicangking kudu ngarujuk dumasar kana méthodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan nu sabenerna (Sugiyono, 2018, kc. 2).

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan atawa barang anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 28).

Méthode anu dipake dina ieu panalungtikan nyaéta méthode deskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik nyaéta méthode anu dipake pikeun ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun data, nyusun, papasingan, nganalisis, sarta napsirkeun data panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 3).

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku dua rupa, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta léngkah nu paling strategis dina panalungtikan, sabab tujuan utama dina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Ku sabab, dina nyangking data dina panalungtikan kudu apal kana téhnik ngumpulkeun datana (Sugiyono, 2018, kc. 224).

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik ngumpulkeun data talaah pustaka, pikeun neangan sagala unsur nu dilakukeun ku panalungtik pikeun nyangking sagala rupa informasi nu luyu. Téhnik ngumpulkeun data ieu dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca heula sumber datana, nyaéta novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto anu dibarengan ku data séjénna nu raket patalina jeung struktural sarta ajén moral dina karya sastra. Ku kituna léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data saperti ieu 1) nangtukeun sumber data, dina ieu panalungtikan ngagunakeun novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto salaku sumber datana, 2) maca novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto, 3) nyirian struktur carita jeung ajén moral anu nyampak dina novel, sarta 4) nyalin data anu geus dicirian kana kartu data jeung tabél.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa tahap interpretasi kana data anu dicangking. Data anu dicangking tuluy disusun dumasar katégori anu saluyu jeung masalah sarta kabutuhan panalungtikan (Samsu, 2021, kc. 103).

Data anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaéta novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto, ngagunakeun pamarekan struktural jeung ajén moral. Analisis data anu digunakeun nyaéta téhnik analisis eusi anu nyoko kana struktur carita sarta analisis ajén moral.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih lengkep jeung nyusun (Arikunto, 2013).

Instrumén panalungtikan miboga dua bagian nyaéta instrumén panalungtikan ngumpulkeun data sarta instrumén panalungtikan dina ngolah data. Ieu instrumén digunakeun sangkan babari dina nganalisis struktur carita jeung ajén moral dina novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun tabél pikeun ngumpulkeun cutatan-cutatan nu aya dina carita.

Tabél 3.1 Conto Kartu Data Téma

No	Téma	Cutatan	Kode Data (LDPL/T/E/KC)
1.	Antara cita-cita jeung kanyataan	"Béca Bapa ka mana?" ceuk Bagas. "Bapa tos teu kiat ngabéca. Mengina sering kanceuh," jawab Sri. "Terus bécana dikamanakeun?" "Diical ka réréncanganana," ceuk Sri jongjon ngosrék.	(LDPL/T/4/21)

Keterangan:

T : Téma

E : Episode

LDPL : Lapang di Pasir Leutik

KC : Kaca

Conto Ngumpulkeun Data Fakta Carita (Galur)

Épisode 1 Saréngsé Curak

- A. Bu Dési ngawur-ngawurkeun béas, rupa-rupa kembang, peremén, jeung duit kencring lima ratusan jeung sarébuan tina jero baskom ka luhur.
 A.1 Barudak, bapa-bapa jeung ema-ema miluan parebut duit koin anu tingkalayang.
 B. Ibu Dési keur curak.
 C. Bagus jeung Dani miluan curak.
 D. Réngsé curak Bagus jeung dani ngaléhléh nyarandé kana téras posyandu.
 E. Bagus jeung Dani ngitung duit sawéran,
 F. Bagus jeung dani madungdengkeun duit hasil saweran rék dibeulikeun naon.
 G. Teu kungsi lila indung torojol indung Bagus, nitah bagus balik sabab Bapana dadana eungap deui
 H. Bagus ngoloyoh ninggalkeun sobatna.
 I. Dani ningetan ké peuting aya marhabanan.

Tabél 3.2 ContoKartu Data Fakta Carita (Latar)

No	Latar	Cutatan	Kode Data (LDPL/L/E/KC)
1.	Masjid	Kagiatan kaagamaan di masjid mah teu weléh pikaresepeun	(LDPL/LT/2/10)

Keterangan:

L (LT/LW/LS): Latar (Latar Tempat/ Latar Waktu/ Latar Sosial)

E : Episode

LDPL : Lapang di Pasir Leutik

KC : Kaca

Tabél 3.3 Conto Kartu Data Fakta Carita (Tokoh jeung Watek)

No	Tokoh	Watek	Cutatan	Kode Data (LDPL/Tk//P/ KC)
1.	Bagas	Bakti ka kolot tur pinuh tanggung jawab	"Terus duit meunang curakna paké naon? Ditabungkeun?" ceuk Dani deui. "Henteu." Bagus gideug. "Terus?" Dani panasaran.	(LDPL/W/2/11)

			"Paké meuli ubar Bapa," ceuk Bagas halon.	
--	--	--	---	--

Keterangan:**Tk** : Tokoh**E** : Episode**LDPL** : Lapang di Pasir Leutik**KC** : Kaca**Tabél 3.4 Conto Kartu Data Sarana Sastra (Judul)**

No	Judul	Cutatan	Kode data (LDPL/J/E/P/KC)
1.	Lapang di Pasir Leutik	Tukangeun pasir itu aya lapangan. Aki nunggu di ditu!" cenah. Dani mencrong ka Bagas. Manéhna teu ngarti naon maksud Aki.	(LDPL/J/11/63)

Keterangan:**J** : Judul**E** : Episode**LDPL** : Lapang di Pasir Leutik**KC** : Kaca**Tabél 3.5 Conto Kartu Data Sarana Sastra (Puseur Sawangan)**

No	Puseur Implengan	Cutatan	Kode Data (LDPL/PS/E/KC)
1.	Jalma ka tilu	Bagas teu némbal. Manéhna tibang unggeuk lalaunan tuluy ngoloyoh indit ninggalkeun sobatna.	(LDPL/PS/1/8)

Keterangan:**PS** : Puseur Sawangan**E** : Episode

KC : Kaca

Tabél 3.6 Conto Kartu Data Sarana Sastra (Gaya Basa)

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data (LDPL/GB/E/KC)
1.	Ngumpamakeun (<i>Simile</i>)	Sinar sarangéngé norobos tina érang-érang, sinarna kawas pedang.	(LDPL/GB/4/21)

Keterangan:

GB: Gaya Basa

E: Episode

KC: Kaca

Tabél 3.7 Conto kartu Data Ajén Moral (MG, MLS, MDS)

No	Ajén Moral (MG, MLS, MDS)	Cutatan	Kode Data (LDPL/M/E/KC)
1.	Moral ka Gusti	Ibu Dési téh keur curak, tradisi anu biasa dilaksanakeun ku ma-sarakat Cirebon. Hiji kabiasaan minangka tanda sukuran kana ka-deudeuh- kahéman Pangéran Nu Murbéng Alam. Soré harita Ibu Dési ngayakeun curak di buruan imahna, sabab Kiki, anak nung-galna, geus bisa leumpang.	(LDPL/MG/1/7)

Keterangan:

**M (MG, MLS, MDS): Moral (Moral ka Gusti, Moral ka Lingkungan Sosial,
Moral ka Diri sorangan)**

E : Episode

LDPL : Lapang di Pasir Leutik

KC : Kaca

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, kartu data dipaké pikeun ngolah data. Instrumén kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun hasil data analisis struktur carita jeung ajén oral dina novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.

3.4.2.1 Kartu Data Digital Analisis Struktur Carita

Tabél 3.8 Kartu Analisis Data Téma

Kode Data: (LDPL/T/4/21)
Téma: Antara cita-cita jeung kanyataan
Cutatan: "Béca Bapa ka mana?" ceuk Bagas. "Bapa tos teu kiat ngabéca. Mengina sering kanceuh," jawab Sri. "Terus bécana dikamanakeun?" "Diical ka réréncanganana," ceuk Sri jongjon ngosrék.
Analisis: Cutatan di luhur nyaritakeun yén kaayaan bapana Bagas gering, mengina kanceuh deui. Éta hal nyababkeun bapana Bagas Ganti pagawéan. Anu tadina tukang béca ayeuna jadi tukang nganco

Tabél 3.9 Kartu Analisis Data Fakta Carita (Galur, Latar, Tokoh)

Kode Data: (LDPL/LT/4/22)
Fakta Carita: Latar tempat
Cutatan: Bapa rék ganti pacabakan tina tukang béca jadi tukang nganco di Walungan Bondét. Walungan anu teu jauh ti imah Bagas di Puri Celancang.
Analisis: Dumasar kana cutatan di luhur, aya latar tempat walungan bondét nu jadi puseur kagiatan masarakat. Aya sawatara kajadian di éta tempat salahsahijina dinjadikeun tempat pacabakan Bapana Bagas jeung masarakat lianna.

Tabél 3.10 Kartu Analisis Data Sarana Sastra (Judul, Puseur Implengan, Gaya Basa)

Kode Data: (LDPL/GB/4/21)
Sarana Sastra: Gaya basa
Cutatan: Sinar sarangéngé norobos tina érang-érang, sinarna kawas pedang.
Analisis: Dumasar cutatan di luhur kecap kawas digunakeun pikeun nyaruakeun sinar srangéngé jeung pedang.

3.4.2.2 Kartu Data Digital Analisis Ajén Moral

Tabél 3.11 Kartu Analisis Data Ajén Moral

Kode Data: (LDPL/MG/1/7)
Ajén Moral: Moral ka Gusti
Cutatan: Ibu Dési téh keur curak, tradisi anu biasa dilaksanakeun ku masarakat Cirebon. Hiji kabiasaan minangka tanda sukuran kana kadeudeuh-kahéman Pangéran Nu Murbéng Alam. Soré harita Ibu Dési ngayakeun curak di buruan imahna, sabab Kiki, anak nunggalna, geus bisa leumpang.
Analisis: Dumasar cutatan di luhur katitén yén nalika Kiki bisa leumpang jeung Aki boga imah anyar, hal anu dilakukeun téh nyaéta sukuran ngaliwatan tradisi curak. Anu mana dijéntrékeun yén tradisi curak téh hiji kabiasaan minangka tanda sukuran kana kadeudeuh-kahéman Pangéran Nu Murbéng Alam. Ieu hal luyu jeung ajén moral ka Gusti.

3.5 Data jeung Sumber Data

Dina ieu panalungtikan, sumber data sagemblengna aya dina novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto. Dina ieu subbab dipedar ngeunaan data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Dina ieu panalungtikan data mangrupa sagala informasi ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.

3.5.2 Sumber Data

1) Idéntitas jeung Ringkesan

Sumber data anu digunakeun dina panalungtikan

Idéntitas Buku

Judul: *Lapang Di Pasir Leutik*

Pangarang: Agus Sugianto

Taun Medal: 2024

Penerbit: PT. Dunia Pustaka Jaya

Jumlah Kaca: 78 Kaca

ISBN: 978-623-221-929-8



Gambar 3. 1 Buku Novelét Lapang di Pasir Leutik

Novelét *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto nyaritakeun Bagas, budak asal pasisian anu resep badminton. Karesepna tuluy nambahan saprak panggih jeung Dani, batur sakelasna. Taya nu nyangka tina hobi ahirna jadi préstasi. Bagas jadi juara turnamén badminton. Horéng pangna Bagas jadi juara turnamén téh, lantaran jasa Aki Husen anu semu misterius.

2) Biografi Singget Pagarang



Gambar 3. 2 Potrét Pagarang

Agus Sugianto, pituin urang Kampung Cibenda Désa Batusari Kacamatan Dawuan kabupatén Subang. Kiwari ngumbara di Suranenggala Cirebon, dibenun jadi guru Bimbingan Konseling di SMP Negeri 1 Suranenggala Cirebon.

Tulisan-tulisan ieu pangarang anu sok dianggap sélér Jawa ku babaturanna téh mangrupa carpon jeung carita nyambung, dimuat dina Majalah *Manglé*, SKM *Galura*, *Cacandran.com* jeung Ayo Bandung. Tulisanna anu dibukukeun nya éta dina *Kandaga Serat Rucita* (antologi fiksi mini basa Sunda) jeung *Urang Sunda Napak Jaman* (kumpulan carpon).

Taun 2001 meunang penghagaan ti Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan salaku juara 2 Sayémbara Panulisan Naskah Buku Pengayaan pikeun naskahna *Rumpun Bakau Menghijau di Garis Pantai*. Taun 2001 dilélér hadiah sastra LBSS pikeun fiksi mini *Méja Kai Mahoni* nu dipublikasikeun dina grup Fiksimini Basa Sunda (Sugianto, 2024).